



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



17 Jen 2021

Bonjou Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Mwen ekri pou'm adrese dènve enfòmasyon mwen te resevwa jodi a konsènan aktyèl pandemi COVID-19 la ak enpak li sou kominote lekòl nou an. Nou enfòm ou 15 Jen 15 an ke te gen yon ka COVID-19 pozitif. Jodi a, nou te resevwa dokiman ki di an reyalyte ke tès pozitif COVID-19 la se te yon fo pozitif. Sa vle di ke pa't gen ka tès pozitif COVID-19 nan lekòl distri nou an. Nou prezante eskize nou pou nenpòt enkonvenyan ke sa ta kapab koze. Entansyon nou se te pou avanse nan mete enfòmasyon nou jwenn yo a dispozisyon w ak bay sante osi byen ke sekirite pou tout elèv k anplwaye nou yo.

Etandone nati pandemi sa a, nou kontinye fè konfyans ke Depatman Sante Orange lan ap gide kominote a nan nenpòt pwosesis ki nesèsè nan moman sa a. Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan ap kontinye travay kole kole ak ofisyèl sante piblik yo, pou ede nan nenpòt fason posib, epi kenbe kominote lekòl nou an byen enfòm.

Nou nan sa nou ye a ansanm kòm yon kominote lekòl. Rezistans kontinyèl w pandan pandemi sa a te remakab ak sètènman apresye. Nan Orange, nou se yon sèl ekip epi nou sètènman fòmè yon fòs. Anfen, tanpri rete an sekirite epi sonje ke nou la pou ou.

Edikasyonèlman,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo